

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsiéun polah ucapan jeung déiksis nu aya dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*. Aya tilu nu bisa dicindekkeun tina ieu panalungtikan, nyaéta wanda omongan nu ditinggali dumasar sipat polah ucapan, ma’na polah ucapan eksprésif jeung posisi antésédén déiksis éndoforis (anaforis jeung kataforis) sarta wanda deiksis éndoforis anu aya dina data polah ucapan.

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan polah ucapan jeung déiksis dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* anu taun 2017 bisa dititénan di handap ieu.

Wanda omongan dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé* taun 2017 ti bulan Januari nepi ka bulan DéséMBER 2017 kapanggih 2 wanda nyaéta; 1) *polah ucapan langsung literal (302 kalimah)* jeung nu ka 2) *polah ucapan langsung tan literal (1 kalimah)*.

Ma’na polah ucapan eksprésif anu kapanggih dina ieu panalungtikan kabéhanana aya 410 data kalimah tur dibagi jadi 17 bagéan ma’na polah ucapan eksprésif, di antarana ngébréhkeun rasa *bingung (31 kalimah)*, *geuleuh (14 kalimah)*, *kabungah (5 kalimah)*, *kagét (58 kalimah)*, *kaluman (2 kalimah)*, *kanyeri (8 kalimah)*, *keuheul (53 kalimah)*, *kuciwa (9 kalimah)*, *kukulutus (99 kalimah)*, *muji (11 kalimah)*, *ngupahan (4 kalimah)*, *ngawilujengkeun (21 kalimah)*, *nyalahkeun (10 kalimah)*, *nyarékan (50 kalimah)*, *sirik (25 kalimah)*, *tumamprak (9 kalimah)* jeung *wegah (1 kalimah)*. Ma’na polah ucapan eksprésif anu réa kapanggih nyaéta ma’na polah ucapan anu ngébréhkeun rasa *kukulutus (99 kalimah)* sedengkeun data ma’na polah ucapan anu saeutik kapanggih nyaéta ngébréhkeun rasa *wegah (1 kalimah)*.

Déiksis dina ieu panalungtikan leuwih museur kana data déiksis éndoforis anu aya dina polah ucapan. Déiksis éndoforis kabagi jadi dua bagéan, nyaéta anaforis jeung kataforis. Déiksis éndoforis anaforis jumlah data nu kapaluruhna aya 27 data kalimah sedengkeun jumlah data déiksis éndoforis kataforis nu kapaluruhna aya 29

data kalimah. Déiksis éndoforis (anaforis jeung kataforis) ogé miboga wanda, wanda déiksis anu kapanggih aya hiji wanda nyaéta déiksis lokatif nu jumlahna aya 56 data kalimah (27 data kalimah wanda déiksis anaforis, 29 wanda déiksis kataforis).

5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara saran anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan. Kahiji, panalungtikan ngeunaan déiksis bangbaluhna sarua jeung panalungtik séjénna mangrupa data tinulis. Panalungtik miharep aya sumber tinulis lianna, misalna nu medar ngeunaan polah ucapan kitu deui déiksisna. Ieu panalungtikan sumberna tina hiji majalah Sunda nyaéta majalah *Manglé*, analisis datana dina hiji rubrik nyaéta rubrik “Barakatak”. Kadua, Panalungtik ogé miharep nu nalungtik bisa ngagunakeun obyék panalungtikan nu bédha salian ti obyék panalungtikan nu nyokot data dina majalah, novel, kumpulan carpon, koran, jst.. sangkan hasil nu dibeunangkeun bisa leuwih jembar deui tur hasil panalungtikan bisa dibandingkeun hasilna sangkan bisa leuwih munel.